Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьинчIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,ниль гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 33 (6919) 2 сентябрь 2024 с. Итни Сафар 1446 с. Багъа - эркенаб

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

# Гъалип Гъалипов: «МугIалимлъи – киналго махщелазул аслу»

### Августалъулаб лъайкьеялъул хIалтIухъабазул данделъи тIобитIана

**2024-абилеб соналъул 28-абилеб августалда Бакълъул районалъул администрациялъул данделъуссиназул кIалгIадухъ районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул августалъулаб данделъи тIобитIана. Гьенив гIахьаллъарав муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас тадбиралъул гIахьалчагIаздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна ва киналго бакълъулазда цIияб цIалул сон тIаде щолеб букIин баркана.**



«МугIалимлъи – киналго махщелазул аслу. МугIалим абураб цIар цIакъ къадруяб буго. Лъайкьей цебетIезабиялде Бакълъул районалда кIудияб кIвар буссинабун буго.

Ахирал соназ муниципалитеталда анцIгоялдасаги цIикIкIун школалда ремонт гьабуна. ЦIияб Аргъвани росулъ цIияб цIалул идара рагьана, ясли-ахал къачIана. «Росдал мугIалим» абураб федералияб программа нухдаинабулеб буго. Электроннияб Москваялъулаб школа (МЭШ) проект гIумруялде бахъинабизеги хIаракат бахъулеб буго» - ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Районалъул бетIерас гьединго бицана бакълъулазул мугIалимазул ВатIан бокьиялъулги. «Дагъистан халкъазда гьоркьосел террористаздаса эркен гьабуралдаса 25 сон иналъул хIурматалда батIи-батIиял тадбирал тIоритIулел руго Россиялда исана. 1999-абилеб соналъул пашманал лъугьа-бахъиназулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна бакълъулазги. Гьезда гьоркьор рукIана мугIалималги.

Аргъвани росдал школалъул мугIалим Заира Пахрудинова СВОялъул мухъалде ана. Мелитополь шагьаралъул № 5 школалда гIурус мацIалъул ва адабияталъул дарсал кьолел руго гьелъ. Цудунго «Дагъистан Республикаялъул мустахIикъай мугIалим» абур цIарги ва цогидал шапакъаталги щвана Пахрудиновалъе.

Первомайск росдал гьоркьохъеб школалъе СВОялъул гIахьалчи, Бихьинчилъиялъулаб орденалъе мустахIикълъарав Каспий флотиялиялъул лъелав аскарияв гьитIинав сержант Къурбан Мурадовасул цIар кьун буго.

ЦIияб ЦIиликь росдал гьоркьохъеб школалъе СВОялдаса тIадвуссинчIев, Бихьинчилъиялъулаб орденалъе мустахIикълъарав АхIмад МухIамадовасул цIар кьуна»,- ян абуна Гъалиповас.

Гьединго тадбиралда кIалъазе рахъана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазанов, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, гьесул заместитель ГIали ГIумархIажиев, бакълъулазул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева, сахаватчи МухIамад Загьидов, педагогикаялъул ветеран СагIид МухIамадов ва цогидал.

Данделъиялда хIалтIулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал мугIалимазе федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял шапакъаталги кьуна. СВОялъул рагъухъабазул тIоцебесеб классалде унел лъималазе школалъе хIажатал алаталги кьуна.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Бакълъулазул тIалъи – районалъул школазда

- 2 гьум.



ЩIунди-Щабдухъ: ГIабдулхIамид Афандиясул (къ. с.) цIар кьураб мажгит рагьана

- 2 гьум.



Дунялалда рекъел – руччабазул анищ

- 2 гьум.



ПатIимат ГъалбацIова – Килалъ школалъул директорасул ишал тIуралей

- 2 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Бакълъулазул тӀалъи – районалъул школазда

### ЦӀияб цӀалул соналде хӀадурлъиялъул халгъабуна

**Районалъул школазул цӀияб цӀалул соналде бугеб хӀадурлъиялъул халгъабуна араб анкьалъ муниципалитеталъул бетӀер Гъалип Гъалиповас. Гьедин, гьев щана Игьали, ТӀад Инхо, Гъоркь Инхо, Ингишо, ЦӀаналъ росабазул цӀалул идарабазде.**



Роолил каникулазул заманалда школазда гьаруна ремонтал, хӀинкъи гьечӀолъи чӀезабиялъул хӀалтӀаби ва гь. ц. Бакълъул районалъул нухмалъулесул рагӀабазда рекъон, цӀалдохъабазе, мугӀалимазе санагӀалъаби чӀезари, хӀинкъи гьечӀолъи цӀуни – районалъул тӀалъиялъул аслиял масъалабазул цояб.

Гъалип Гъалиповасда хӀалтӀулаб сапаралда цадахъ рукӀана гьесул заместитель ГӀалихан ДавудхӀажиев, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХӀассан ГӀалихӀажиев ва цогидал.

**Зугьра ГӀабдулкъадирова**

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

## Дунялалда рекъел – руччабазул анищ

### Халкъазда гьоркьосеб гургинаб столалда гӀахьаллъана бакълъулазул руччаби

**«Россия – дир тарих» тарихияб паркалда Дагъистаналда халкъазда гьоркьосел террористал кӀанцӀаралдаса**



**25 сон иналъул хӀурматалда тӀобитӀараб «Дунялалда рекъел ва хӀинкъи гьечӀолъи бокьун буго руччабазе» абураб гургинаб стол тӀобитӀана.**

Халкъазда гьоркьосеб тад-



биралда Гумбет район бихьизабуна муниципалитеталъул руччабазул гӀуцӀиялъул нухмалъулелъул заместитель ГӀазра Исубилаевалъ, «Гумбет» газеталъул жавабияй секретарь, женсоветалъул гӀахьалчӀужу Зугьра ГӀабдулкъадировалъ.

Дагъистаниязе ва тӀолго Россиялъе рекъел ва парахалъи гьарана Беларуссиялдаса, Абхазиялдаса, Азербайжаналдаса вакилзабаз ва цогидаз. Тадбиралда гьединго кӀалъазе рахъана августалъулал лъугьабахъиназулъ гӀахьаллъарал ЦӀумада ва Болъихъ районаздаса руччаби.

Гургинаб стол тӀобитӀана Дагъистаналъул руччабазул гӀуцӀиялъ ДРялъул бетӀер Сергей Меликовасул, Миннацалъул ва цогидазул кумекалдалъун.

**Зугьра ГӀабдулкъадирова**

ДИНАЛЪУЛЪ БУГО ХВАСАРЛЪИ

## ЦӀунди-Щабдухъ: ГӀабдулхӀамид Афандиясул (къ. с.) цӀар кьураб мажгит рагьана

### Росу цӀигьабулеб буго цӀундисез

**Бакълъул районалъул ЦӀунди-Щабдухъ росулъ сахаватчагӀазул кумекалдалъун шайих ГӀабдулхӀамид**



**Афандил цӀар кьураб мажгит рагьана. Гьеб росдал гӀадамаз хӀаракат бахъулеб буго росу чӀаго гьабизе. ЦӀунди ва Щабдухъ росабазул гӀадамал – цо жамагӀат, гьел гъорлъе ккола «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» администрациялде.**

Мажгит рагьиялъулъ гӀахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул нухмалъулесул заместитель МухтарахӀмад АхӀмадовас, районалъул бетӀерлъун вукӀарав МухӀамадгӀали МухӀамадгӀалиевас, ДРялъул Муфтияталъул мугӀрузулаб рахъалда вугев вакил ГӀалиасхӀаб Разакъовас, Бакълъул районалъул имам Мурад Насрудиновас, Гъуниб районалъул имам ИбрагӀим ГӀабдулаевас, Хьаргаби районалъул имам МухӀамадсайфуллагь Ахмаевас ва цогидаз.

ЖамгӀияв хӀаракатчи МухӀамад НурмухӀамадовас бицана мажгит базе ва росу цӀи гьабизе кумек гьабуразул. «Умумул рукъараб, нижго гӀураб гӀагараб росу цӀи гьабиялде кӀвар кьолеб буго ракьцояз. ЖамгӀияв хӀаракатчи СайгидхӀажи Набигулаевас кӀудияб кумек гьабуна росу цӀи гьабизе. Дагъистаналъул муфтий АхӀмад Афандиясда (къ. с.) гьарана гьес ЦӀундиб мажгит базе кумек гьабеян. АхӀмад Афандил (къ. с.) кӀудада ГӀабдулхӀамид Афанди нижер росдал басрияб мажгиталъул имамлъун вукӀана. Муфтияс кумек гьабуна ва мажгит базе кьучӀ лъуна», - ян бицана НурмухӀамадовас.

Нахъеги гьес рехсана мажгит базе кумек гьабурал цогидазул цӀаралги. «Жидерго захӀматалдалъун, гӀарцудалъун мажгит базе кумек гьабуразда гьоркьор рукӀана ИчичӀалиса сахаватчи МухӀамад Дибиров, МухӀамадгӀали МухӀамадгӀалиев, Билал Билалов, ГӀабдулвагьаб Вагьабов, ХӀажи Денгалаев, МухӀамад МухӀамадов (Маххулав), Апанди Апандиев, Хадижат Набигулаева, ПатӀимат СалихӀилаева, Мажид Батиров, МухӀамад МухӀамадов (Израилович), Къадилав (АхӀмад) ва Мурад Нажмудиновал, СагӀид ва ХӀамзат ХӀамидовал, СагӀидбег, ХӀажи ва Аслудин Аслудиновал, Пахрудин ва Тажудин ГӀалихӀажиевал, Зулпат ва ПатӀимат ШайхмухӀамадовал, АхӀмад ГӀабдулатӀипов, Хизри ва Шамил ИсмагӀиловал, МухӀамадхӀабиб Насибов, Хадижат АсхӀабова ва цогидал.

КъачӀараб нух буго росулъе, цӀиял лъел рогӀралги лъолел руго, токил мухъал къачӀаялда тӀадги хӀалтӀулел руго», - ян абуна НурмухӀамадовас.

Гьединго мажгит рагьулеб къоялъ гьенир батӀи-батӀиял спортивиял тадбиралги тӀоритӀана. Къецазул хӀасилалда бергьаразе ва къиматал бакӀал росаразе шапакъаталги кьуна. ГӀолохъабазе мисаллъун вукӀана ЧӀикь росулъа спорталъул ветеран Гъайирбег ГӀалиасхӀабов.

Тадбиралда гӀахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул батӀи-батӀиял росабалъа, шагьараздаса щунусгоялдасаги цӀикӀкӀун чияс. Киназего квенги чӀезабун букӀана. Росдае унго-унгояб байрамлъун лъугьана цӀияб мажгит рагьи.

**«Гумбет» информациялъулаб гӀуцӀи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГӀУМРУ

## ПатӀимат ГъалбацӀова – Килалъ школалъул директорасул ишал тӀуралей

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул заместитель ГӀалихан ДавудхӀажиевас Килалъ росдал гьоркьохъеб школалъул хӀалтӀухъабазда цӀияй директорасул ишал тӀуразарулей ПатӀимат ГъалбацӀова йихьизаюна. ДавудхӀажиевасда цадахъ тадбиралда гӀахьаллъи гьабуна районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХӀассан ГӀалихӀажиевас ва цогидаз.**

ГъалбацӀова ПатӀимат МухӀамадовна гьаюна Килалъ росулъ 1962-абилеб соналъул 25-абилеб марталда. 1979-абилеб соналъ лъугӀизабуна гӀагараб росдал школа ва цӀализе лъугьана ДГПИялъул байбихьул классазул факультеталде. Гьебги лъугӀизабун, хӀалтӀизе лъугьана Килалъ росдал школалде байбихьул классазул мугӀалимлъун.

2005-абилеб соналъул январь моцӀалдаса Бакълъул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул специалистлъун хӀалтӀана. ХӀалтӀулъ рихьизарурал лъикӀал хӀасилазухъ ГъалбацӀова мустахӀикълъана «Россиялъул тарбия ва лъай кьеялъул муста-хӀикъай хӀалтӀухъан» абураб цӀаралъе.

ГӀалихан ДавудхӀажиевас цеве директорасул ишал тӀуралевлъун вукӀарав МухӀамад МухӀамадовасе баркала загьир гьабуна, ПатӀимат ГъалбацӀовалъе хӀалтӀулъ цебетӀейги гьарана.

**Зугьра ГӀабдулкъадирова**

РИТМ ГУМБЕТА

# В ЦЗН Гумбета прошёл день открытых дверей по вопросам заключения контракта с Минобороны РФ



**Представители центра занятости населения по Гумбетовскому району провели накануне дни открытых дверей по вопросам заключения контракта с Минобороны РФ.**

Руководитель ЦЗН муниципалитета Муслим Абдурахманов рассказал жителям о преимуществах заключения контракта с Минобороны Российской Федерации, дал разъяснения относительно оказываемой социальной поддержки. В одной из встреч с безработными принял участие глава МР «Гумбетовский район» Галип Галипов, а также присутствовали ополченцы, воины-интернационалисты и др.

Руководитель района отметил, что добровольцы из Гумбета достойно несут военную службу в зоне СВО. Директор ЦЗН по Гумбетовскому району Муслим Абдурахманов сообщил, что информационная работа в этом направлении будет продолжена.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Детская шалость приводит к пожарам

Пожары, возникающие по причине детской шалости – явление, к сожалению, далеко не редкое. Финал таких пожаров может быть очень трагичным – гибель ребенка.

- рассказывайте детям о пожаробезопасном поведении;

- будьте примером во всех ситуациях, связанных с соблюдением правил пожарной безопасности;




Почти все маленькие дети проявляют повышенный интерес к огню, не осознавая в полной мере его потенциальную опасность. В подростковом возрасте дети в своих играх часто повторяют взрослых, имитируя их действия, труд. В этом возрасте детям хочется все скорее узнать и испытать на себе. Стремление к самостоятельности особенно проявляется, когда дети остаются дома одни. Нельзя быть уверенным в том, что оставшись один, ребенок не решится поиграть с коробкой спичек, не захочет поджечь бумагу, не устроит костер, который однажды видел в лесу.

Бывают случаи, когда взрослые ввиду разных обстоятельств вынуждены оставлять детей на какое-то время без надзора. Это опасно, особенно если дети остаются в запертых квартирах или комнатах. В случае пожара они не смогут выйти из опасного помещения наружу.

На основании выше изложенного, хочется обратиться к родителям: проведите профилактические беседы со своими детьми, расскажите им об опасности игр со спичками и другими пожароопасными предметами, объясните им, что ни в коем случае нельзя поджигать сухую траву, разводить костры, каким бы увлекательным занятием это не казалось

- не оставляйте спички в доступном для детей месте;

- не поручайте детям разжигать печи, газовые плиты, самостоятельно включать электробытовые приборы;

- следите, чтобы дети не разжигали костры;

- уходя из дома, не оставляйте малолетних детей без присмотра ;

- организуйте ребенку интересный досуг.

Научите ребенка правильным действиям при пожаре. При обнаружении пожара или признака горения (задымления, повышенной температуры, запаха гари и т.п.) ребенок любого возраста должен немедленно покинуть помещение. Сообщить о пожаре взрослым или в пожарную охрану по единому телефону спасения «101» или «112».

Очень важно, чтобы дети запомнили эти советы. Личным примером учите, детей соблюдению привил пожарной безопасности. Только большой заботой о наших детях мы сможем предупредить пожары из-за детской шалости, сохранить свой дом, имущество и самое дорогое – жизнь ребенка.

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

РИТМ ГУМБЕТА

# Штурмовики Сайгид Сайгидсалимов и Рашид Магомедов передают салам с Курского направления

**Участники СВО, штурмовики, сражающиеся на Курском направлении, Сайгид Сайгидсалимов из села Цанатль Гумбетовского района и Рашид Магомедов из села Ругуджа Гунибского района, передают салам с передовой.**



«Благодаря мужеству воинов России враг остановлен, идёт боевая работа по освобождению населённых пунктов от неофашистов. Враг будет разбит, победа будет за нами!» – сказал Сайгид Сайгидсалимов. Сержант, кавалер медали «За храбрость» Сайгид Сайгидсалимов является внуком участника Великой Отечественной войны, народного артиста ДАСС Сайгидсалима Джамалудинова.

Он демонстрирует преемственность поколений и традиций мужества, чести, достоинства.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Артиллерист Абуталиб Гасанов из села Верхний Арадерих награждён медалью «Участнику специальной военной операции»

**Артиллерист, кавалер медалей Жукова и «За боевые отличия» сержант из села Верхний Арадерих Гумбетовского района Абуталиб Гасанов получил новую награду – медаль «Участнику специальной военной операции».**



Напомним, что Гасанов подписал контракт с Минобороны РФ еще в 2010 году, прошёл несколько горячих точек. В СВО на Украине принимает участие с первых дней, уничтожил много техники и живой силы врага. Воин сейчас доблестно несёт службу на передовой, передает салам всем. Пожелаем успехов нашим храбрым защитникам Отечества.

Глава Гумбетовского района Галип Галипов поздравил Абуталиба Гасанова с получением очередной награды, пожелал только побед и всех благ.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Участник СВО лейтенант Шамил Исмаилов из села Игали награждён медалью «За храбрость»

**Боец СВО, заместитель командира десантно-штурмовой роты гвардейской бригады морской пехоты Тихоокеанского флота, кавалер медалей «Народный герой Дагестана» и «За отвагу» из села Игали Гумбетовского района лейтенант Шамил Исмаилов за успешное выполнение боевых задач на передовой награждён медалью «За храбрость».**

Указ об этом подписал Президент России, Верховный Главнокомандующий Вооружёнными Силами РФ Владимир Путин. Глава Гумбетовского района Галип Галипов поздравил Шамиля Исмаилова с получением медали «За храбрость», пожелал крепкого здоровья, только побед, всего самого наилучшего.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Памятка о правилах поведения в пожароопасный период

**В связи с приближением пожароопасного периода и складывающейся неблагоприятной обстановкой с бытовыми пожарами напоминаем несложные правила пожарной безопасности.**




Разводить костры, сжигать отходы можно в специально отведенных для этих целей местах, только под контролем человека.

Установите у каждого строения емкость с водой. Строения должны иметь приставные лестницы, достигающие крыши, а на кровле лестницу, доходящую до конька крыши.

Устройте противопожарные полосы для предотвращения переброски огня при лесных и торфяных пожарах на здания и сооружения. Оградите свое имущество от пожара очищенной от грунта полосой земли.

Временно приостановите разведение костров, проведение пожароопасных работ, топку печей, работающих на твердом топливе в летний период в условиях устойчивой сухой, жаркой и ветреной погоды.

Не оставляйте во дворах баллоны с газом, а также емкости с легковоспламеняющимися или горючими жидкостями.

Не оставляйте брошенными на улице бутылки, битые стекла, которые превращаясь на солнце в линзу, концентрируют солнечные лучи до спонтанного возгорания находящейся под ней травы.

Содержите в исправном состоянии электрические сети и электробытовые, газовые и керосиновые приборы, печи и соблюдайте меры предосторожности при их эксплуатации.

Не оставляйте без присмотра включенные в сеть электробытовые приборы, горящие газовые плитки, керогазы, керосинки, топящиеся печи и не поручайте наблюдение за ними малолетним детям. Строго пресекайте шалость детей с огнем.

Если пожар не удалось предотвратить:

Немедленно позвоните в пожарную охрану! Вызов должен содержать четкую информацию о месте пожара, его причине и возможной угрозе для людей. Назовите свое имя, номер телефона для получения дальнейших уточнений.

Необходимо быстро реагировать на пожар, используя все доступные способы для тушения огня (песок, вода, покрывала, одежда, огнетушители

Закройте двери и окна, так как потоки воздуха питают огонь.

Отключите газ, электричество.

Если потушить пламя невозможно, после спасения людей следует убрать баллоны с газом, автомобили, все легковоспламеняющиеся материалы.

Открывая горящие помещения, надо быть максимально внимательным, так как новое поступление кислорода может усилить пламя. Если есть дым, двигайтесь, пригнувшись, закрывая лицо, при необходимости закройте голову влажным полотенцем, обильно смочив водой одежду. Если на человеке загорелась одежда, не позволяйте ему бежать. Повалите его на землю, закутайте в покрывало и обильно полейте. Ни в коем случае не раздевайте обожженного, если одежда уже прогорела, накройте пострадавшие части тела чистой тканью и вызовите «скорую помощь».

**Пожарная часть № 45 села Мехельта Гумбетовского района**

РИТМ ГУМБЕТА

## Военная служба по контракту – выбор сильного мужчины



**Военная служба по контракту – выбор сильного мужчины.**

Это не просто работа, это настоящее призвание патриота. Это достойная заработная плата и социальные гарантии для всей семьи. Настало время героев! Единый номер справочно-информационной службы – 117.

РИТМ ГУМБЕТА

## Штрафы за недопуск газовиков в дом увеличатся

**17 апреля 2024 года вступил в силу федеральный закон, который усиливает ответственность за нарушение правил обслуживания и ремонта газового оборудования. В законе увеличен штраф за недопуск специалистов для проверки газового оборудования:**

**– для физлиц – 5–10 тысяч рублей**

**– для должностных лиц – 100 тысяч рублей**

**– для юридических – 500 тысяч.**

Установлены штрафы за уклонение от заключения договора о ТО газового оборудования, а также не предоставление информации о смене оборудования — все в размере 5-10 тысяч рублей. Чтобы заключить договор на ТО ВДГО или уточнить график проведения работ потребителю газа необходимо обратится в газораспределительные организации. Отсутствие договора о техническом обслуживании газового оборудования - основание для отключения газа. Все предпринимаемые меры направлены на усиление безопасного газопотребления.

**РЭУ Гумбетовского района**




РИТМ ГУМБЕТА

## У каждого четвертого абонента «Газпром межрегионгаз Махачкала» есть электронный «Личный кабинет»

**Число зарегистрированных пользователей интернет-сервиса «Личный кабинет абонента» в Республике Дагестан превысило 150 тысяч. Дистанционный сервис многофункционален и прост в использовании. Преимущества – оперативность и доступность. Абоненты оценили возможность круглосуточного внесения оплаты за потребленный газ, передачи показаний приборов учета газа, доступа к информации лицевого счета в режиме онлайн, что делает расчёты за потреблённый газ понятными для абонентов. Для многих новых зарегистрированных пользо-**




**вателей «Личного кабинета» важным преимуществом стала оплата за потребленный газ без комиссии.**

Приложения для оплаты газа онлайн доступны в App Store и Google Play. Приложение для оплаты газа под названием «Газ Онлайн» для пользователей устройств Apple можно скачать в App Store. В нем, как и ранее в приложении «Мой Газ», можно оплатить газ и передать показания газового счетчика, увидеть сумму задолженности и дату поверки прибора учета газа. Для пользователей приложения доступны вкладка взаиморасчеты, расшифровка и статистика оплат, а также формирование квитанции.

Для пользователей устройств на базе Android по-прежнему доступно приложение «Мой Газ». Важно, что в приложениях оплата за газ проводится БЕЗ КОМИССИИ.

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

БетӀерав редактор: ХӀамзат МухӀамадович Гизудинов телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГӀабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухӀамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахӀачхъала, Петр ТӀоцевесесул къватӀ, 61

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цӀаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватӀибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.